

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data

Sumber data mangrupa sakabéh obyék nu ditalungtik, kaasup aspék-aspék anu dipaluruh sarta ditalungtik salila prosés panalungtikan. Dina ieu panalungtikan obyék datana langsung ditangtukeun lantaran metode nu digunakeun kuasi ékpérimén ka hiji kelas.

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta kelas VII A SMPN 14 Bandung taun ajar 2012/2013 anu jumlah siswana 35 siswa. Ieu kelas dipilih lantaran siswa kelas VII A loba nu teu mampuh nulis karangan éksposisi . sangkan leuwih jéntré ngeunaan kaayaan murid kelas VIIA di SMPN 14 Bandung, bisa katitén dina tabél ieu di handap:

Tabél 3.1
Sumber Data

Kelas	Siswa		Jumlah
	Awéwé	lalaki	
VII A	13	17	30

3.2 Désain Panalungtikan

Sugiyono (2011: 109) nyebutkeun yén dina métode *pre-experimental* aya tilu rupa desain, nya éta *One-Shot Case Studi*, *One Group Prétést-Posttest* jeung *Intec-Group Comparison*.

Ku kituna, désain panalungtikan nu digunakeun di kelas VII A nya éta *One Group Prétést-Posttest*. Prétés dilakukeun pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa saméméh ngagunakeun *treatment* (modél *writing workshop*) sedengkeun postés dilakukeun pikeun mikanyaho kamampuh ahir siswa sabada ngagunakeun

Feni Ritasari, 2013

Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun

Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi

(Studi Kuasi Ékpérimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung

Taun Ajar 2012/2013)

treatment (model *writing workshop*). Ku lantaran kitu, hasil tina *treatment* bakal leuwih akurat sabab bisa ngabandingkeun hasil saméméh jeung sabada ngagunakeun *treatment*.

Sangkan leuwih jéntré désain panalungtikan *pre-experimental* nu digunakeun dina ieu panalungtikan, digambarkeun dina tabél ieu di handap:

Tabél 3.2
Desain Panalungtikan

O₁	X	O₂
----------------------	----------	----------------------

(Sugiyono, 2011:111)

Keterangan :

O₁ : Nilai Prétés

O₂ : Nilai Postés

X : Treatment

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan nya éta hiji cara ilmiah pikeun meunangkeun data nu valid kalayan tujuan bisa mekarkeun jeung ngabuktikeun hiji pangaweruh nu ahirna bisa digunakeun pikeun pamahaman jeung ngantisipasi masalah dina widang atikan, (Sugiyono, 2011:6).

Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode kuasi ékspérimén nu miboga tujuan pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis karangan éksposisi saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Writing Workshop*.

3.4 Wangenan Operasional

Dina ieu panalungtikan ditétélakeun wangenan operasional tina ieu variabel :

Feni Ritasari, 2013

Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun

Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi

(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung

Taun Ajar 2012/2013)

- 1) Modél *Writing Workshop* nya éta salasahiji modél pikeun pangajaran nulis nu dijadikeun *treatment* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII A SMPN 14 Bandung taun ajar 2012/2013
- 2) Kamampuh Nulis Karangan nya éta tolak ukur tina kaparigelan siswa dina hiji kagiatan ngébréhkeun ide kana wangun tulisan nu dilaksanakeun ku siswa kelas VIIA SMPN 14 Bandung dina nulis karangan éksposisi saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Writing Workshop*.
- 3) Karangan Éksposisi nya éta karangan nu dijieun ku siswa kelas VII A SMPN 14 Bandung, eusina ngajéntrékeun tur medar hiji obyék atawa prosés nu tujuanana pikeun mekarkeun pangaweruh hiji jalma.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Dumasar prinsipna panalungtikan nya éta ngalakukeun pangukuran, kusabab kitu kudu aya alat ukur nu hadé. Alat ukur dina panalungtikan biasana disebut instrumén panalungtikan. Jadi instrumén panalungtikan nya éta hiji alat nu digunakeun pikeun ngukur fenomena alam atawa sosial nu keur ditalungtik. Sacara spesifik sakabéh fenomena disebut variabel panalungtikan (Sugiyono, 2011:148).

Instrumén dina ieu panalungtikan fungsina pikeun ngumpulkeun data ngeunaan modél *writing workshop* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi. Data nu dikumpulkeun dimimitian ku ngumpulkeun data pré-tés saméméh ngagunakeun modél *writing workshop* jeung dipungkas ku ngumpulkeun data post-tés sabada ngagunakeun modél *writing workshop*.

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés. Dina prak-prakanana panalungtikan baris dilaksanakeun tés awal jeung tés ahir nu fungsina pikeun ngukur kamampuh siswa kelas VII A SMPN 14 Bandung , saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *writing workshop*.

Feni Ritasari, 2013

Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun

Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi

(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung

Taun Ajar 2012/2013)

Tés nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés subjéktif nu umumna bentuk éséy (pamaparan). Tés ieu dipilih lantaran dianggap saluyu pikeun ngébréhkeun kamampuh hasil diajar ngajar nulis karangan éksposisi kalayan obyéktif. Téma nu disodorkeun dina tés nya éta élmu pangaweruh ngeunaan tata cara nyieun kadaharan.

Instrumén nu bakal digunakeun dina ieu panalungtikan saperti ieu dihandap :

1) Instrumén Prétés

Kadaharan mangrupa hiji unsur peunting pikeun awak urang sabab loba pisan mangpaatna, dina kahirupan sapopoé urang tangtu waé manggihan kadaharan nu béda-béda saperti tina cara ngasakanana aya nu digoréng, ditumis, dikulub, diseupan, dibeuleum, jrrd. Tina rupa-rupa cara masakna éta, bisa jadi rupa-rupa kadaharan saperti : beuleum lauk, goréng cau, kulub sampeu, pépés hayam jrrd.

Dumasar pedaran diluhur, pék ayeuna jieun hiji karangan éksposisi kalayan téma tata cara nyieun kadaharan!

Katangtuan karangan :

- Loba karangan minimal sakaca, atawa 3 paragraf

2) Intrumén Postés

Kadaharan mangrupa hiji unsur peunting pikeun awak urang sabab loba pisan mangpaatna, dina kahirupan sapopoé urang tangtu waé manggihan kadaharan nu béda-béda saperti tina cara ngasakanana aya nu digoréng, ditumis, dikulub, diseupan, dibeuleum, jrrd. Tina rupa-rupa cara masakna éta, bisa jadi rupa-rupa kadaharan saperti : beuleum lauk, goréng cau, kulub sampeu, pépés hayam jrrd.

Feni Ritasari, 2013

Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun

Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi

(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung

Taun Ajar 2012/2013)

- a) Pék jieun hiji karangan éksposisi kalayan téma tata cara nyieun kadaharan!
- b) Léngkah-léngkah nulis karangan
 - a. Téangan judul dumasar téma nu geus ditangtukeun di luhur!
 - b. Jieun raraga karanganna.
 - Paragraf I
.....
 - Paragraf II
.....
 - Paragraf III
.....
- c) Mekarkeun raraga karangan nu geus ditangtukeun di luhur jadi hiji karangan éksposisi kayalan ngagunakeun basa nu sopan.

3) Format Lembar Jawaban

Wasta :

Kelas :

No absen :

Judul karangan :

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

Fer
Mo
Ka
(St
Tau
Uni



3.6 Téknik Ngolah Data

Kamampuh awal (prétés) jeung kamampuh ahir (postés) mangrupa instrumén panalungtikan nu digunakeun dina ngumpulkeun data pikeun dianalisis jeung nguji hipotésis.

Dumasar kana patokan meunteun nu geus dijieun éta data hasil prétés téh dianalisis. Saterusna data dikelompokeun dumasar kana persentasena, ku cara napsirkeun dina wangun table. Kumaha kamampuh siswa dina nulis karangan éksposisi saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *writing workshop*.

Hasil prétés jeung postés dipariksa jeung dianalisis anu satuluyna ditabulasikeun sangkan mikanyaho peunteun rata-rata siswa, standar deviasi sarta varian tina unggal kelompok. Lian ti éta ogé, pikeun mikanyaho normalitas data bisa digunakeun uji normalitas. Sedengkeun pikeun mikanyaho homogén

Feni Ritasari, 2013

Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun

Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi

(Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung

Taun Ajar 2012/2013)

henteuna varian sampel, kudu ngaliwatan uji homogenitas. Nu ahirna ngagunakeun uji gain pikeun mikanyaho hasil pretes jeung postes.

Saméméh ngolah data nu diébréhkeun di luhur, hasil nulis siswa dianalisis jeung diajén. Analisis nu digunakeun nya éta :

- 1) Kualitas jeung lingkup eusi, nya éta mariksa gagasan dina tulisan nu disusun ku siswa
- 2) Organisasi jeung tampilan eusi, ngawengku runtuyan kalimah nu sinambung antara hiji kalimah jeung kalimah séjénna, antara paragraf kahiji jeung paragraf saterusna.
- 3) Gaya basa, milih gaya sarta tulisan anu merenah, katitén tina ngagunakeun kalimah anu éféktif sarta ngagunakeun basa anu bener.
- 4) Wangun gramatikal, tulisan ngawengku kalimah nu ditulis ku murid, fungsi kalimah anu ngawengku jejer, caritaan, salaku unsur wajib aya sarta udagan, panglengkep jeung katerangan mangrupa unsur nu teu wajib aya.
- 5) Éjaan, dipuseurkeun dina ngagunakeun huruf kapital, ngamimitian nulis, ngagunakeun rarangken hareup jeung tanda baca.
- 6) Karapihan tulisan, mangrupa tampilan sacara fisik. Tulisan hasil murid anu bisa dibaca kalayan ngagunakeun hurup nu jelas. Sangkan cara meunteunna leuwih babari, kalayan rinci aspék-aspék anu dipeunteun aya dina tabél ieu di handap:

Tabél 3.3

Kriteria Meunteun Karangan Éksposisi

No	Aspék pangajénan	Skor	Ket
----	------------------	------	-----

Feni Ritasari, 2013

Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun

Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi

(Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung

Taun Ajar 2012/2013)

A	Kualitas, jeung lingkup eusi	5	Ngarti pisan, pinuh ku gagasan, luyu jeung topik, jéntré pisan.
		4	Ngarti, pinuh ku gagasan, luyu jeung topik, jéntré
		3	Ngarti tapi kawates, gagasan ngawates, sarta jéntré ngawates
		2	Kurang ngarti, kurang gagasan, kurang jéntré
		1	Teu ngarti, miskin gagasan, teu luyu jeung topik
B	Organisasi jeung tampilan eusi	5	Eusi lengkep pisan, rinci pisan, logis, kohési luhur pisan
		4	Eusi lengkep, rinci, urutan logis, kohési kurang luhur
		3	Eusi lengkep, kurang rinci, urutan logis, kohési kurang luhur
		2	Eusi teu lengkep, kurang rinci, kurang logis, kohési teu luhur.
		1	Eusi kurang pisan, teu rinci, urutan teu logis, teu aya kohési
C	Gaya Basa	5	Merengah pisan, efektif pisan, ngawasa pisan milih kecap anu merengah
		4	Merengah, efektif, milih kecap merengah saeutik salahna

Feni Ritasari, 2013

Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun

Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi

(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung

Taun Ajar 2012/2013)

		3	Merenah kalawan ngawates, milih kecap merenah aya kasalahan
		2	Kurang merenah, kurang efektif, kurang ngawasa milih kecap, loba kasalahan
		1	Teu merenah, teu efektif, teu paham milih kecap, loba pisan kasalahan
D	Wangun Gramatikal	5	Nyusun kalimah komplek, ngawasa pisan tatabasa
		4	Nyusun kalimah basajan, saeutik kasalahan tatabasana, kurang ngandung ma'na
		3	Nyusun kalimah basajan, loba kasalahan tatabasa
		2	Hésé nyusun kalimah basajan, loba kasalahan tatabasa, ngawurkeun ma'na
		1	Teu ngawasa nyusun kalimah, teu komunikatif, teu cukup dipeunteun

Feni Ritasari, 2013

Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun

Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi

(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung

Taun Ajar 2012/2013)

E	Ejaan	5	Ngawasa pisan kaédah dina nulis kecap, teu aya kasalahan
		4	Ngawasa kaédah dina nulis kecap, aya kasalahan
		3	Ngawasa kaédah dina nulis kecap, teu loba kasalahan
		2	Kurang ngawasa kana kaédah dina nulis kecap, loba pisan kasalahan
		1	Teu ngawasa kana kaédah nulis, teu cukup pikeun dipeunteun
F	Karapihan Tulisan	5	Alus pisan, rapi, babari kabaca, beresih
		4	Rapih, kabaca, saeutik corétan
		3	Kurang rapih, kabaca, loba corétan
		2	Teu rapih, loba anu teu kabaca, loba corétan, kotor
		1	Teu rapih, tulisan teu kabaca
Jumlah skor		6-30	

Kacindekan Skor :

Hadé pisan : 27-30

Hadé : 23-26

Sedeng : 18-22

Kurang : 12-17

Kurang pisan : 6-11

Feni Ritasari, 2013

Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun

Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi

(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung

Taun Ajar 2012/2013)

Dina kriteria pangajénan éta, panalungtik bisa nyaho kamampuh nulis karangan éksposisi siswa sabaraha nu kahontal kategorina hadé pisan, hadé, sedeng, kurang, jeung kurang pisan.

Léngkah-léngkah pikeun ngolah data sangkan bisa dianalisis saperti kieu :

- 1) Mariksa hasil nulis karangan éksposisi siswa hasil tés awal jeung tés ahir, sarta nyirian tulisan karangan éksposisi anu salahna.
- 2) Menteun hasil nulis karangan éksposisi

Pikeun nangtukeun peunteun atawa skor nulis karangan éksposisi siswa digunakeun pedoman meunteun saperti pedoman nilai diluhur. Skor nu kahontal ku siswa dirobah jadi skor ahir kalayan ngagunakeun rumus :

$$n = \frac{\text{skor anu kahontal} \times 100}{\text{Skor ideal}}$$

Skor ideal

Tabél 3.4

Kategori Kaparigelan Nulis Karangan Éksposisi

No	Kategori	Skor
1	Mampuh	>70
2	Can Mampuh	<70

- 3) Ngasupkeun nilai tés awal jeung tés ahir kana tabél

Tabél 3.5

Skor Kamampuh Prétés Jeung Kamampuh Postés

No	Ngaran Siswa	Nilai Prétés	Nilai Postés

Feni Ritasari, 2013

Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun

Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi

(Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung

Taun Ajar 2012/2013)

--	--	--	--

3.7 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téknik tés pikeun préstasi diajar, tés nu dipilihna nya éta tés subjéktif. Tés subjéktif hakékatna tés dina wangun éséy nya éta jenis tés kamajuan diajar nu merlukeun jawaban nu sipatna bahasan atawa pamaparan (Arikunto, 2009:162)

Prétés dilaksanakeun pikeun meunangkeun data kamampuh awal dina nulis karangan éksposisi siswa kelas VII A di SMPN 14 Bandung sarta pikeun mikanyaho tingkat kamajuan siswa anu aya hubunganana jeung prosés pangajaran nu bakal dilaksanakeun. Sedengkeun postés dilaksanakeun pikeun meunangkeun data kamampuh ahir siswa kelas VIIA SMPN 14 Bandung, ngeunaan kamampuh nulis karangan éksposisi sabada ngagunakeun modél *writing workshop*.

3.8 Analisis Data

3.8.1 Uji Normalitas

Uji normalitas dilaksanakeun pikeun ngayakinkeun kamampuh siswa miboga distribusi anu normal, salaku sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh dua rata-rata. Pikeun nangtukeun yén data téh miboga sipat anu normal atawa henteu, nguji normalitas ngagunakeun rumus *chi kuadrat* (X^2).

Léngkah-léngkahna nya éta saperti dihandap ieu :

- 1) Nyieun tabél frékuénsi peunteun pretés jeung postés

Tabél 3.6

Feni Ritasari, 2013

Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun

Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi

(Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung

Taun Ajar 2012/2013)

Frékuénsi peunteun pratés jeung postés

<i>Skor (x)</i>	<i>F</i>	<i>f.x</i>	<i>f.x²</i>
1			
2			
Σ			

- 2) Ngitung rata-rata (mean) peunteun pretés jeung postés

$$M = \frac{\sum fx}{\sum f}$$

- 3) Néangan standar deviasi (SD)

$$SD = \sqrt{\frac{N (\sum fx^2) - (\sum fx)^2}{N (N - 1)}}$$

Keterangan :

SD = Standar déviasi

N = Jumlah subyék panalungtikan

Σfx² = Jumlah frékuénsi nilai x

(Σfx)² = Jumlah frékuénsi nilai x dikuadratkeun

- 4) Nangtukeun jumlah kelas (k)

$$k = \frac{r}{p} + \leq 1 \quad \text{atawa} \quad k = 1 + 3,33 \text{ Log } n$$

- 5) Nyieun daftar frékuénsi obsérvasi jeung ékspétasi anu ngawengku;

- a) Nangtukeun rentang (r)

$$r = \text{peunteun panggedéna} - \text{peunteun pangleutikna}$$

Feni Ritasari, 2013

Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun

Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi

(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung

Taun Ajar 2012/2013)

b) Nangtukeun panjang kelas (p)

$$p = \frac{r}{k}$$

6) Nangtukeun kelas frékuénsi obsérvasi (O_1)

7) Nangtukeun batas kelas (bk)

8) Nangtukeun z (transformasi normal standar bébas kelas)

$$Z = \frac{(bk - \bar{x})}{sd}$$

Katerangan :

Z = transformasi normal standar bébas kelas

bk = batas kelas luhur atawa batas kelas handap

\bar{x} = peunteun rata-rata skor

sd = nilai standar deviasi

9) Nangtukeun legana unggal kelas interval (L)

$$L = Z_s - Z_{\text{tabél}}$$

10) Nangtukeun rumus-rumus frékuénsi ékspétasi (E_i)

$$E_i = N \times L$$

11) Nangtukeun nilai X^2 (chi kuadrat)

$$X^2 = \frac{(oi - Ei)^2}{Ei}$$

12) Nangtukeun derajat kebebasan (db)

$$db = k - 3$$

13) Nyieun tabél frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspétasi

Tabél 3.7

Frékuénsi Obsérvasi Jeung Frékuénsi Ékspétasi

Feni Ritasari, 2013

Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun

Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi

(Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung

Taun Ajar 2012/2013)

Peunteun Pretés Jeung Postés

Kelas	O_i	Bk handap	Bk luhur	Z_1	Z_2	$Z_{1\ tabél}$	$Z_{2\ tabél}$	L	E_i	X^2

14) Nangtukeun normalitas ngagunakeun kriteria :

Upama $X^2_{itung} < X^2_{tabél}$ hartina distribusi data normal, tapi

Upama $X^2_{itung} > X^2_{tabél}$ hartina distribusi data teu normal.

(Arikunto, 2006: 317)

3.8.2 Uji Homogénitas

Fungsi uji homogénitas nya éta pikeun mikanyaho homogen henteuna variasi sumber data. Cara nguji homogénitas sarua jeung uji normalitas ngagunakeun rumus *chi kuadrat* kalayan léngkah-léngkahna saperti ieu di handap:

1) Ngitung variasi sewang-sewangan kelompok

$$S^2 = \frac{n \cdot \sum f x^2 - (\sum f x)^2}{n(n-1)}$$

2) Néangan nilai F

$$F = \frac{S^2_b}{S^2_k}$$

Feni Ritasari, 2013

Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun

Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi

(Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung

Taun Ajar 2012/2013)

Keterangan :

F = harga variasi nu rék ditéangan

S^2b = variasi nu leuwih gede

S^2k = variasi anu leuwih leutik

3) Ngitung db

$$db_1 = n-1$$

4) Nangtukeun F tabél, dumasar kriteriana :

$F_{itung} < F_{tabel}$ hartina distribusi data homogén, tapi

$F_{itung} > F_{tabel}$ hartina distribusi data teu homogén.

(Arikunto, 2006:321)

3.8.3 Uji Gain

Fungsi tina uji gain pikeun nangtukeun naha aya béda nu signifikan antara tés awal jeung tés ahir. Tina uji gain ieu, bisa meunang gambaran ngeunaan pangaruh digunakeunana strategi modél *Writing Workshop* pikeun ningkatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi kelas VII A SMPN 14 Bandung taun ajar 2012/2013. Pikeun nguji gain digunakeun tabél saperti ieu dihandap:

Tabél 3.8

**Uji Gain (d) Tingkat Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi
Ngagunakeun Modél Writing Workshop**

No	Nama siswa	Pretes	Postés	Σ	D	d^2
1						
2						

Feni Ritasari, 2013

Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun

Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi

(Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung

Taun Ajar 2012/2013)

Σ					
----------	--	--	--	--	--

3.8.4 Uji Hipotesis

Uji hipotesis digunakeun pikeun néangan daya béda jeung standar deviasi dina ngabuktikeun hipotesis. Léngkah-léngkah pikeun nguji hipotesis saperti ieu dihandap:

- 1) Nyieun tabél uji jumlah rata-rata pretes jeung postés

Tabél 3.9

Uji jumlah rata-rata pretes jeung postés

No	Pretes	Postés	d	d ²	Xd (d-Md)
1					
2					
Σ					

- 2) Néangan béda mean tina pretes jeung postés

$$Md = \frac{\Sigma d}{N}$$

- 3) Ngitung derajat kabébasan (db)

$$db = n - 1$$

- 4) Ngitung t itung

$$\Sigma x^2 d = \Sigma d^2 - \frac{(\Sigma d)^2}{N}$$

- 5) Ngabuktikeun hipotesis

Feni Ritasari, 2013

Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun

Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi

(Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung

Taun Ajar 2012/2013)

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{N(N-1)}}}$$

Lamun $t_{itung} > t_{tabel}$, hartina hipotésis ditarima yén aya béda nu signifikan antara hasil pratés jeung postes siswa kelas VII A SMPN 14 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *writing workshop*

Lamun $t_{itung} < t_{tabel}$, hartina hipotésis ditolak yén teu aya béda nu signifikan antara hasil pratés jeung postes siswa kelas VII A SMPN 14 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *writing workshop*

(Arikunto, 2006:86)

Feni Ritasari, 2013

Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun

Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi

(Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung

Taun Ajar 2012/2013)